



Egzijans Fòmasyon EEC Esansyèl 2.0

Tit Règleman an: FO-26-04

Dat Li Pibliye: 06 Me, 2026

Dat Li An Vigè: 01 Jiyè, 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram Gadri ak Pwogram Finans ki gen lisans EEC

ENFÒMASYON DEBAZ

Sous Federal pou Devlopman Swen/Gadri pou Timoun (CCDBG) egzije ke tout anplwaye nan pwogram Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti yo (EEC) ki gen lisans ak sa ki resevwa finansman, ki travay dirèkteman ak timoun epi ki konte nan rapò pèsonèl-a-timoun, resevwa fòmasyon sou sijè espesifik ki gen rapò ak sante ak sekirite. Pou satisfè egzijans sa a, EEC devlope pake fòmasyon ("EEC Essentials 2.0" ak "EEC Essentials Refresher") (← Pake pou w Rafreshi Memwa w sou EEC Esansyèl la) ki bay anplwaye ki travay nan domèn edikasyon timoun piti yo ak aktivite apre lekòl konesans fondamantal sou sante, sekirite, ak devlopman timoun, konsa li asire tout edikatè yo gen menm konpreyansyon sou sijè enpòtan sa yo. Atravè politik sa a, EEC prezante egzijans fòmasyon EEC Essentials 2.0 ak Rapèl sou EEC Essentials yo, edikatè ki konsène yo, fason pou jwenn aksè ak pake fòmasyon yo, ansanm ak delè pou konfòmite ak siveyans.

OTORITE

- 606 CMR 7.00 la etabli estanda ki sipòte pwogram edikasyon ak swen/gadri ki gen bon jan kalite pou timoun yo depi tou piti ki reflekte divèsite Commonwealth la, ranfòse fanmi yo, epi ede timoun yo aprann epi grandi fizikman, sosyalman, emosyonèlman, ak edikasyonèlman. Règleman sa yo aplike pou tout pwogram ki bay sèvis ki pa rezidansyèl pou timoun ki poko gen 14 an deyò lakay pa yo, kèlkeswa anviwònman swen/gadri an oswa laj timoun k ap resevwa sèvis yo.

- 606 CMR 7.11 la otorize Depatman an pou egzije tou de (2) pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 ak Rapèl sou EEC Essentials a pou Rafreshi Memwa w pou tout pwogram yo, sae ki nkli Swen/Gadri Familyal pou timoun, Pwogram Ti Gwoup ak Pwogram pou Timoun ki nan Laj Lekòl, ak Gwo Gwoup ak Swen/Gadri pou Timoun ki nan Laj Lekòl.
- **Sous Blòk pou Swen ak Devlopman Timoun**(CCDBG) se lwa federal ki otorize Lajan pou Swen/Gadri ak Devlopman Timoun (CCDF), ki se sous prensipal finansman federal pou EEC. CCDBG egzije pou edikatè, direktè pwogram, estajyè, ak tout pèsonèl pwogram ki gen aksè dirèk ak timoun yo resevwa fòmasyon sou sijè espesifik ki gen rapò ak sante ak sekirite (pa egzanp, EEC Essentials). Kòm yon pati nan egzijans sa yo, anplwaye yo dwe pran fòmasyon EEC Essentials 2.0 anvan yo kòmanse travay nan yon pwogram ki gen lisans oswa ki finance pa EEC. Apre sa, tout anplwaye yo dwe pran fòmasyon pou rafrechi memwa yo sou EEC Essentials anvan 30 Jwen chak ane

DEKLARASYON SOU RÈGLEMEN AN

Tout edikatè ak administrate k ap travay dirèkteman ak timoun epi ki konte nan rapò pèsonèl-pou-timoun nan pwogram ki gen lisans oswa ki resevwa finansman EEC dwe konplete pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 la, kèlkeswa konbyen fwa yo travay. Sa ki enkli ladan l volontè, estajyè, ak ranplasan ki konte nan rapò a. Nan pwogram swen/gadri timoun nan fanmi (FCC), moun ki gen lisans FCC a, asistan sètifye yo, ak asistan regilye yo dwe konplete pake fòmasyon an. Founisè ki bay swen/gadri nan kay ki pa lakay fanmi yo oblije konplete pake fòmasyon an.

Anplis de sa, **tout anplwaye konsène** yo ap oblije pran yon pake fòmasyon pou rafrechi memwa yo sou chak ane sou EEC Essentials la, sa ki dwe konplete sou oswa anvan 30 Jwen chak ane¹.

Administratè Pwogram nan oswa Titilè Lisans FCC a dwe genyen yon dosye pèsonèl pou chak manm pèsonèl pwogram nan ki gen prèv ke li fin konplete pake fòmasyon EEC

¹ Nouvo anplwaye ki konplete fòmasyon EEC Essentials 2.0 la ap bezwen pran fòmasyon pou Rafreshi Memwa yo sou EEC Essentials la sou oswa anvan 30 Jwen ane ki vin apre a. Pa egzanp, yon nouvo anplwaye ki konplete fòmasyon EEC Essentials 2.0 nan dat 2/15/2027 dwe pran fòmasyon pou Rafreshi Memwa yo sou EEC Essentials la sou oswa anvan 6/30/2028.

Essentials 2.0 ak Rapèl EEC Essentials pou Rafreshi Memwa yo. Prèy key o konplete li an dwe disponib pou lisansè EEC yo revize nenpòt lè yo ta mande li.

Nan pwogram ki ofri sèvis transpò, **chofè ak monitè** oblije konplete modil Transpòte Timoun chak ane yo tou. Kou sa a disponib endepandanman de pake yo.

Egzijans Fòmasyon an

Egzijans Fòmasyon EEC Essentials 2.0

Tout anplwaye ki konsène dwe konplete pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 ki apwopriye anvan yo kòmanse travay nan pwogram ki gen lisans oswa sa ki resevwa finansman EEC. Gen de (2) pake EEC Essentials 2.0; pèsonèl la dwe enskri epi konplete pake ki apwopriye selon tip pwogram yo.

- Tout anplwaye ki konsène nan pwogram pou timoun piti yo (**pwogram ki baze nan sant ak swen/gadri familyal pou timoun**) dwe enskri epi konplete pake 13 kou ki rele "EEC Essentials pou Timoun Piti 2.0." Pake sa a ta dwe pran apeprè 12 èdtan pou konplete.
- Tout anplwaye ki konsène yo nan pwogram **Aprè Lekòl oswa Pwogram Lè Lekòl Fèmen (ASOST)** dwe enskri epi konplete pake 11 kou ki rele "EEC Essentials pou Pwogram ASOST 2.0." Pake sa a elimine de (2) fòmasyon ki foksi sou tibebe yo epi li ta dwe pran apeprè 10 èdtan pou konplete.

Egzijans Fòmasyon Pou Rafreshi w sou EEC Essentials la

Tout anplwaye ki konsène dwe konplete chak ane pake fòmasyon pou rafrechi memwa ou sou EEC Essentials la ki apwopriye, sou oswa anvan 30 Jwen. Gen de (2) pake fòmasyon pou w Rafrechi mwemwa w sou EEC Essentials; anplwaye yo ap enskri epi konplete pake ki apwopriye a selon tip pwogram yo.

- Tout anplwaye ki konsène nan pwogram timoun piti yo (**pwogram ki baze nan sant ak swen/gadri familyal pou timoun**) ap enskri epi konplete pake de (2) pati ki rele "EEC Essentials pou Timoun Piti yo pou Rafreshi Memwa w." Pake sa a ta dwe pran apeprè twa èdtan.

- Tout anplwaye ki konsène nan Pwogram **Aprè Lekòl ak Pwogram Lè Lekòl Fèman (ASOST)** ap enskri epi konplete pake de (2) pati ki rele "EEC Essentials pou Rafreshi memwa w sou ASOST." Li elimine de pati ki fokis sou tibebe yo. Pake sa a ta dwe pran apeprè twa èdtan.

Sonje ke fòmasyon Enfòmasyon Debaz sou Premye Swen ak CPR (← Reanimasyon Pilmonè) se pa yon Kou Fòmasyon sou Premye Swen oswa CPR ki apwouve epi li **pap bay sètifikasyon pou Premye Swen oswa CPR**. Fòmasyon sa a pa ka ranplase yon sètifikasyon Premye Swen ak CPR. Tout edikatè pou gwoup ak timoun lekòl ap toujou bezwen konplete yon sètifika sou Premye Swen nan sis mwa apre yo fin anplwaye epi kenbe sètifikasyon aktyèl apre sa, an akò ak règleman ak politik EEC yo. Moun ki gen lisans pou gadri familyal ak asistan sètifye yo pa ka pran swen timoun san yon sètifikasyon Premye Swen ak CPR ki ajou, dapre politik EEC la.

Aksè a Fòmasyon an

Pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 ak EEC Essentials pou Rafreshi Memwa w disponib sou entènèt sou sit EEC [StrongStart Learning Management System \(LMS\)](#).

Kredi pou Devlopman Pwofesyonèl

Konplete pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 la ap konte pou èdtan fòmasyon devlopman pwofesyonèl ki nesèsè yo lè w pran li pou premye fwa.

Konplete pake fòmasyon pou rafrechi memwa w sou EEC Essentials la ap konte pou èdtan fòmasyon devlopman pwofesyonèl ki nesèsè yo lè w pran li pou premye fwa.

KONFÒMITE

Apati 1ye Jiyè 2026, anplwaye lisans EEC yo pral kòmanse siveye pou asire ke kondisyon fòmasyon EEC Essentials 2.0 yo ak fòmasyon pou rafrechi memwa w chak ane sou EEC Essentials yo fin konplete jan règleman sa a egzije a. Si yon pwogram pa asire ke chak manm anplwaye/asistan k ap travay dirèkteman ak timoun yo epi ki konte nan rapò pèsònèl-timoun pwogram nan fin konplete pake fòmasyon an, sa ka lakòz kontravansyon/tikè pou non-konfòmite.

ENFÒMASYON ANPLIS

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan Konsèy Politik EEC Essentials ak FAQ (Kesyon Yo Poze Souvan) sou EEC Essentials la nan <https://www.mass.gov/guides/eecs-strongstart-online-professional-development-system>.